

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- Anpeche Regresyon Akademik

- Klas 2020 an

- 'Florida Prepaid'

ME 2020

Bilten 12 | NIMEWO 63 |

NOU AP REMÈSYE TOUT PWOFESE AK ANPLWAYE YO



Semèn Apresyasyon pou Pwofesè a te pran yon siyifikasyon totalman nouvo pandan kriz COVID-19 la an 2020. Pwofesè yo te toujou eksepsyonèl, men yo pa t janm resevwa plis apresyasyon pase sa y ap resevwa pandan epòk san parèy sa a. Paran atravè lemond ap eksperyans travay pwofesè yo fè chak jou pandan yo ap eseye ede nan edikasyon pitit yo sou Entènèt.

Pwofesè nan "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) kanpe alavangad nan repons kominote nou an ap bay nan sitiwayon 'coronavirus' la.

Pou pwofesè tankou Tanya Diaz-Rothman ki anseye matematik nan 'Biscayne Beach Elementary', motivasyon li pou angajman elèv kenbe l okipe nan chèche nouvo aplikasyon enfòmasyon. Nan mwa sa a, Rothman Diaz te inogire yon akademi 'Jedi' ki enspire sou "Star Wars" kote

li te itilize zouti salklas pou mete elèv yo nan salklas separe sou Entènèt pou yo ka travay ansanm. Meyè pati nan aktivite sa a se abiye tankou "Prensès Leia."

Martha Basulto, ki se pwofesè elèv ki gen don nan 'Coral Reef Elementary School' kenbe elèv li yo angaje chak jou. Li kreye yon ti "emoji" komik, sou li menm, an katon li voye bay elèv li yo avèk yon powèm ki ankouraje yo pran "Flat Mrs. Basulto" sou tout kalite eksperyans enteresan yo fè, e voye foto yo ba li.

Ane sa a, elèv ak paran te oblije demontre plis kreyativite pou montre pwofesè yo kijan yo apresye yo; e teknoloji jwe yon wòl nan sa. Anpil elèv ak paran te itilize medya sosyal, tankou Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho ki te voye mesaj sa a sou Twitter, "Travay ak enpak nou fè te rive pi lwen pase salklas yo, e nou ba nou prèv ansèyman ka fèt nenpòt lè, nenpòt kote. Mèsi pou tout

sa nou fè pou elèv nou yo."

Yon elèv te pataje mesaj sa a sou Twitter: "Mèsi. Onètman ou se meye pwofesè mwen janm genyen e ou se sèl rezon ki fè mwen pa t kite lekòl nan premye trimès ane sa a, mèsi pou tout sa ou fè pou mwen. Sa fe yon enpak pozitif sou lavi mwen."

Gen yon paran ki te itilize medya sosyal tou pou fè elòj pou pwofesè Maria Teresa Diaz-Gonzalez ki ap anseye nan 'Auburndale Elementary School'. Paran an ekri, "Malgre tout sa ki ap pase jodi a, Madan Diaz-Gonzalez vrèman jwenn yon fason espesyal pou konekte avèk elèv li yo e menm paran yo. Sa plis pase yon klas. Se yon fanmi."

Diaz-Gonzalez reponn avèk anpil eksitasyon, "Mwen pa konn sa pou m reponn! Lajwa pòs sa a fè m santi pandan moman sa yo... lè mwen wè pitit mwen yo nan Zoom, mwen vrèman kontan pou m konnen yo an sekirite e yo toujou gen menm pasyon pou aprann. Antouzyas fè ansèyman vin fasil. Se yon onè pou mwen pwofesè yo."

Nan moman difisil sa a, li enpòtan tou pou nou rekonèt mendèv la ann antye, ki gen ladan pwofesyonèl ki pa egoyis, ki devwe e ki toujou pare pou reponn apèl pou yo travay. M-DCPS rekonesan pou sakrifis ak angajman yo pou tout kominote a e li vle di yo MÈSI!



Akoz Kriz sante COVID-19

(Kowonaviris) la ki te abouti a yon fèmli lekòl san presedan pou katyèm trimès ane lekòl 2019-2020 an. Pandan M-DCPS ap travay avèk dilijans pou asire yon tranzisyon san pwoblèm soti nan salklas pou antre nan aprantisaj lakay, yon regresyon akademik konsiderab ka fèt akòz gwo chanjman nan anviwònman aprantisaj la, espesifikman pou elèv ki gen difikilte yo.

Lè elèv, edikatè ak administratè ap retounen lekòl nan Otòn nan, salklas yo ka diferan e yo ka gen plis eka nan egalite, gwo mankman nan aprantisaj pou anpil elèv, e difikilte ekonomik ki vin pi grav pou fanmi ak kominote ki tradisyonèlman majinalize yo. Pandan li difisil pou devine sou sa manke kèk mwa lekòl ka vle di pou akonplisman elèv, rechèch sou mankman aprantisaj pandan ete bay yon apèsi enpòtan sou kòman pou adrese kèk enpak potansyèl poz pwolonje nan enstriksyon tradisyonèl salklas pwolonje sa a ka genyen lè elèv retounen lekòl.

Plan pou Asire Opòtinite pou Retablisman Akademik, yo konnen tou dapre akwonim 'SOAR', ki se yon inisyativ estratejik Distri a fèk devlope pou redui mankman aprantisaj pou kèk nan elèv ki pi frajil yo.

SOAR gen twa faz ladan - Retabli, Regaye, e Rekòmanse:

- **Retabli:** Pandan faz sa a, Distri a pral bay elèv opòtinite pou fè lekti pandan ete a, remède, ratrape kou/kredi, ak pwolonje sèvis ane lekòl la kòmanse 8 – 10 jiyè. Sa pral repete pwogram lekòl ete a deprè, men l ap fèt vityèlman. Elèv ki gen andikap, elèv ki gen yon gwo kantite absans, ak elèv ki pa t patisipe aktivman nan aprantisaj a distans pral angaje pandan faz sa a.
- **Rekipere:** Faz sa a pral adrese sikonstans san parèy elèv aljèb 9èm ane eskolè ak elèv Lekti/ Redaksyon Anglè 10èm ane eskolè ki pa t gen opòtinite pou yo pran evalyasyon obligatwa eta a pou gradyasyon. Distri a pral bay elèv yo preparasyon egzamen vityèl la ak leson patikilye pou yo kapab vin konpetan nan egzamen sa yo nan kòmansman Otòn nan, lè eta a pral ofri egzamen sa yo ankò. Adisyonèlman, pandan faz sa a, tout elèv pral gen aksè 'E-Learning Toolbox' ak 'Academic Challenges', atravè pòtal elèv yo, jan yo abitye fè. Tout elèv M-DCPS pral gen aksè a gwo kontni dijital Distri a lisansye pou ede elèv ki a nivo nan ane eskolè yo pou anrichi aprantisaj yo e kontinye estimile tèt yo pandan mwa ete yo.

- **Rekòmanse:** Selon direksyon otorite sante piblik federal ak eta yo bay, M-DCPS gen entansyon ouvè lekòl bonè, 27 jiyè, espesyalman pou elèv ki demontre nivo pèfòmans akademik ba yo, ansanm ak elèv ki gen andikap, e elèv k ap aprann lang Anglè. Pandan tan sa a, elèv nou idantifye yo pral resevwa ansèyman entans sou ladrès ki nesè nan sijè akademik debaz yo pou nouvo nivo ane eskolè yo, pou yo ka deja prepare pou siksè akademik. Pandan faz sa a, Distri a ap planifye tou pou ogmante kantite lekòl ki patisipe nan pwogram jounen lekòl pi long nan, e pou kòmanse lekòl Samdi pi bonè nan ane a pou ogmante tan enstriksyonèl la. Si lekòl ta dwe kontinye rete fèm pandan faz sa a, nou ap konvèti plan sa yo nan modèl vityèl la.

Edikasyon elèv nou yo ak akonplisman akademik se premye priyorite nou. Asire defi pou redui nenpòt mankman nan aprantisaj ki pral rive pandan pandemi global, istorik, san presedan sa a, se yon bagay M-DCPS pare pou l konfwonte dirèkteman nan bonjan direksyon ak fèm agajman pou n sipòte TOUT timoun ak fanmi yo nan kominote nou an.



Pou elèv dènye ane segondè ki ap gradye atravè peyi a, COVID-19 (coronavirus) te fòse nou fè modifikasyon ki nesèsè oubyen anile kèk seremoni anyèl pou etap enpòtan nan lekòl segondè. Gradyasyon se tradisyon akademik ki pi enpòtan pou elèv ki te travay tèlman di pou fini yon edikasyon 12 ane e li se yon moman enpòtan pou fanmi tou, dèske yo te sipòte efò sa yo atravè eksperyans akademik yo. Sa se verite, espesyalman pou elèv ki se premye moun ki gradye nan fanmi yo, ak lòt

elèv ki t ap simonte difikilte pèsònèl. Nan yon efò pou asire gradye Klas 2020 nan “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) yo resevwa seremoni an gran ponp yo merite, Distri a pral fè seremoni gradyasyon vityèl pou chak lekòl segondè. Nou pral difize seremoni yo lendi 8 jen jiska madi 16 jen. Nou ap difize seremoni gradyasyon vityèl yo sou Entènèt, ansanm ak orè seremoni yo e nou ka jwenn yon achiv videyo nan vizite Classof2020.dadeschools.net. Nou ap televize seremoni yo tou sou WLRN Chèn 17.

Après seremoni gradyasyon vityèl yo, pral gen yon selebrasyon Klas 2020 nan chak lekòl segondè swa nan ete oubyen ivè a, yon fwa nou ka fè sa ansekirite dapre machasui CDC yo. M-DCPS te devlope tou yon kanpay maketing ak medya dinamik ki

ankouraje tout kominote a vin selebre gradye yo ansanm. Pandan senk semèn, M-DCPS te mete limyè sou gradye yo sou medya sosyal e nou te onore yo avèk yon Jounen Rekonesans Gradye atravè tout distri a jou ki te 20 me.

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN


Primè:

Ede yon Elèv ki Fristre
<https://bit.ly/2xGvqqb>

Segondè:

Modifye Estrateji Ou
Si Pitit Ou Fè Move Nòt
<https://bit.ly/35DZVJZ>

LEKÒL MIAMI-DADE TE ONORE TÒP LIDÈ ATRAVÈ YON SEREMONI VITYÈL



Yo te onore meyè administratè “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-County) yo semèn pase pandan yon seremoni ki te difize andirèk sou Facebook pou Prim Anyèl Meyè Direktè ak Asistan Direktè pou Ane a. Yo te nonmen Rafael A. Villalobos kòm Meyè Direktè Lekòl pou Ane 2020 an, lidè karismatik e inovatif Lekòl Segondè

John A. Ferguson ki ede fòme lavi dè milye elèv atravè Lekòl Leta Miami-Dade County pou plis pase 20 ane.

Nan aplike filozofi debaz li a, ki se mete elèv an premye, amou ak pasyon Villalobos te fè eko nan chak lekòl li te dirije. Direksyon li te fè gwo efè, jan evidans yo montre l nan gwo ogmantasyon to gradyasyon, pèfòmans akademik, ak kreyasyon pwogram edikasyonèl inovatif. Villalobos ap resevwa yon prim \$2,000 kach, lokasyon yon vwati gratis pou twazan Toyota of North Miami patwone, ak yon panyè kado espesyal ki valorize a plis pase \$2,000. An dezyèm plas se Leon Maycock, direktè Lekòl Segondè Miami Edison. Li resevwa yon prim \$1,000 kach.

Lamar Johnson ki se yon asistan direktè nan Lekòl Elemantè Jesse J.

McCrary, Jr. Meyè asistan direktè pou Ane a. Johnson te kòmanse karyè li an 2008 kòm yon ‘Miami Teaching Fellow’. Li pral lakay li ak \$1,500, yon televizyon 55-pous Toyota of North Miami ba li ak yon panyè kado espesyal ki valorize a plis pase \$1,000. An dezyèm plas se Celestia Passmore-Mack nan Lekòl Elemantè Dr. Manuel C. Barreiro. Li ap resevwa yon prim \$600 kach.

Se “Dade Association of School Administrators (DASA)” (Asosyasyon Administratè Lekòl Dade) ki te patwone evènman an.

"Florida Prepaid" Pwolonje Peryòd Enskripsyon li Jiska Me 31!



Nan 30 dènye ane yo, pwogram "Florida Prepaid" (Plan Peyè Davans nan Florid) te ede prèske 1.2 milyon fanmi ekonomize lajan pou kolèj, e plis pase 518,000 ale nan kolèj, ki fè l se pi gwo pwogram e pwogram ki la pi lontan k ap fè travay sa a nan peyi a. Nou kontan anonse patnè nou, 'Florida Prepaid', ap bay yon repons ak difikilte fanmi yo kapab fè fas pandan COVID-19 la avèk divès opsyon.

Premyèman, yo pwolonje Peryòd Enskripsyon an pou jiska 31 me 2020, e yo anile frè aplikasyon \$50 a avèk kòd pwomosyon 'Miami1920'. Dezyèmman, nouvo kliyan 'Florida Prepaid' ansanm ak sa ki nouvo yo gen opsyon pou repòte peman yo pou jiska 20 jiyè 2020. E twazyèmman, yo lanse yon pòtal

avèk resous elèv ka itilize lakay yo ki disponib nan <http://www.scholastic.com/icanbeanything/>. Tout aksyon sa yo fè pati angajman 'Florida Prepaid' pou ede fanmi finansyèman e akademikman pandan y ap fè fas avèk enpak pandemi an.

Eta Florid garanti tout Plan Peyè Davans pou Kolèj, e li asire l fanmi yo pa janm pèdi envestisman yo. Fanmi yo ka itilize [zouti sou Entènèt Plan Peyè Davans](#) la pou kalkile pri yo e detèmine kisa divès plan yo ap koute, baze sou laj yon timoun, e pou eksplòre diferan opsyon peman ki disponib yo. Plan Peyè davans yo kòmanse a \$44 pa mwa pou yon ti bebe – pri ki pi ba depi senkan.

Jou a ap vini kote timoun ap retounen lekòl ankò, eksele nan

salklas, selebre akonplisman yo avèk gradyasyon e ale nan kolèj. Prepare w depi kounye a pou yon avni ki ap pi bon avèk 'Florida Prepaid'.

Pou plis enfòmasyon, vizite myfloridaprepaid.com.

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

17 jen
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

25 me
Obsèvan 'Memorial Day'

3 jen
Dènye Jou Lekòl

4 jen
Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup



@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Martin Karp
Doktè Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo
Christopher Badillo
Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se yon Pwodiksyon Biwo Kominikasyon an

Daisy González-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon